



### DOKIMAN REVIZE C3 – FÒM POU PIBLIKASYON ENFÒMASYON KLIYAN

**ENSTRIKSYON POU MOUN K AP BAY SÈVIS LA:** Nou mande pou kliyan an li e siyen pòsyon ki konsène dwa kliyan an nan fòm sa a. Founisè sèvis la dwe enfòmè chak kliyan sou seksyon I-VIII fòm sa a ansanm ak objektif yo, e mande kliyan an pou l mete inisyal li bò kote chak seksyon ki konsène li.

**Inisyal Kliyan an**

**I. PIBLIKASYON NIMEWO SEKIRITE SOSYAL**

Mwen dakò pou mwen bay Depatman Timoun ak Fanmi Florida /Pwogram Sèvis Refijye (Florida Department of Children and Families, DCF/Refugee Service Program) nimewo sekirite sosyal mwen, malgre mwen konnen mwen pa oblije fè sa selon lalwa. Answit, mwen otorize Depatman Timoun ak Fanmi Florida /Pwogram Sèvis Refijye a pou itilize nimewo sekirite sosyal mwen an pou verifikasyon idantite, revni, travay, ak kalifikasyon, ansanm ak lòt objektif ki gen pou wè ak administrasyon pwogram DCF yo.

**II. PIBLIKASYON "SYSTEMATIC ALIEN VERIFICATION FOR ENTITLEMENTS (SAVE)" (VERIFIKASYON SISTEMATIK POU ETRANJE RESEVWA ÈD LETA)**

Nan dokiman sa a mwen otorize Depatman Sekirite Teritoryal pataje enfòmasyon konsènan sityasyon imigrasyon mwen Depatman Timoun ak Fanmi Florida /Pwogram Sèvis Refijye ansanm ak Ladrès pou Etid Akademik, Vokasyonèl, ak Anglè (SAVES) pou m ka resevwa benefis piblik federal e/oubyen sèvis 'Refugee Services' (Sèvis Refijye) finanse.

**III. PIBLIKASYON 'PROTECTED HEALTH INFORMATION (PHI)' PIBLIKASYON 'DISCLOSURE PROTECTED HEALTH INFORMATION (PHI)'**

Nan dokiman sa a mwen otorize nou pataje "protected health information (PHI)" (enfòmasyon sekirize sou sante) mwen avèk Sèvis Refijye pou detèmine si mwen elijib pou sèvis oubyen yon dispans espesyal selon kondisyon pwogram nan.

**IV. PIBLIKASYON ENFÒMASYON FINANSYE**

Mwen otorize pou bay Depatman Timoun ak Fanmi Florida /Pwogram Sèvis Refijye enfòmasyon finansye mwen pou detèmine si mwen kalifye pou sèvis, rezilta travay ak/oswa estatistik ekonomik.

**V. PIBLIKASYON ENFÒMASYON REZILTA TRAVAY**

Mwen otorize pou bay Depatman Timoun ak Fanmi Florida /Pwogram Sèvis Refijye enfòmasyon konsènan travay mwen, pou verifiye travay mwen ak pou detèmine rezilta sèvis anplwa ke mwen te resevwa. Enfòmasyon sa yo kapab enkli bagay tankou, Enfòmasyon sou mwen kòm Anplwaye a (Non, Dat Nesans, ak Nimewo Sekirite Sosyal). Enfòmasyon Patwon an, Enfòmasyon sou Travay la (Tit Travay, Dat ki pi resan m'te komanse ak dat m te sispann travay, si m pa nan travay la ankò), ak Enfòmasyon sou Salè/benefis, (To Salè, Mwayèn Èdtan pa Peryòd Pewòl, Salè, Aksè ak Asirans Sante, elatriye).

**VI. PIBLIKASYON ENFOMASYON PESONEL POU FE YON SONDAJ**

Nan dokiman sa a mwen otorize nou pataje enfòmasyon pèsònèl: Non Konplè, Adrès Lokal, Nimewo Telefòn Pòtab/Lakay, ak adrès Elektwonik mwen avèk vandè Depatman Timoun ak Fanmi Florida /Pwogram Sèvis Refijye apwouve pou fè yon ankèt pou mezire eksperyans mwen kòm refijye e jeneralman pou evalye bezwen refijye yo.

**VII. PIBLIKASYON ENFOMASYON PESONÈL POU FOUNISÈ SÈVIS EDIKASYON POU ADILT**

Nan dokiman sa a mwen otorize Florida Department of Children and Families/Refugee Services Program (Depatman Timoun ak Fanmi nan Florid/ Sèvis Refijye) ak founisè Edikasyon pou Adilt ki jwenn finansman nan men 'Refugee Services'(Sèvis Refijye) pataje enfòmasyon pèsònèl sa yo: Non Konplè, Adrès Lokal, Nimewo Telefòn Pòtab/Lakay, adrès Elektwonik, nòt egzamen nan Edikasyon pou Adilt, Dokimantasyon ki montre mwen Fini Pwogram Vokasyonèl, ak nivo ESOL mwen avèk sèvis anplwa ki jwenn finansman nan Sèvis Refijye pou yo ka kontakte mwen pou eksplike m ki fòmasyon pou anplwa e fòmasyon vokasyonèl mwen ka elijib pou m resevwa.

**DWA KLIYAN AN**

- Mwen gen dwa pou m anile otorizasyon sa a nenpòt lè nan ekir Depatman Timoun ak Fanmi Florida/Pwogram Sèvis Refijye ak Ladrès pou Etid Akademik, Vokasyonèl, ak Anglè (SAVES).
- Mwen konprann, se volontèmon mwen siyen otorizasyon sa a e treman, peman, enskripsyon, oubyen elijibilite mwen pou benefis pa depann de otorizasyon mwen bay pou pibliye enfòmasyon sa a.
- Mwen konprann, enfòmasyon yo te resevwa a pati de otorizasyon mwen te bay la yo kapab itilize yo ankò e lè sa a, lwa federal ak lwa eta yo ka pa pwoteje enfòmasyon sa ankò
- Depatman Timoun ak Fanmi Florida/Pwogram Sèvis Refijye, ansanm ak Ladrès pou Etid Akademik, Vokasyonèl, ak Anglè (SAVES) ap ban mwen yon kopi fòm sa a si m fè demad la.
- Mwen konprann otorizasyon sa a pral ekspire lè peryòd kalifikasyon mwen pou Sèvis Refijye (5 kan apre dat ou antre nan peyi a) amwenske mwen presize yon lòt dat.
- Mwen Komprann ke enfomasyon tel ke Nimewo alien dat nesans, nasyonalite, stati imigrasyon, sevis abilite lang angle, nivo etid ak objektif finansye mwen pral nan men biwo Depatman timoun ak Fanmy, Sevis refijye pou Fanmy ak biwo reyentegrasyon pou refijye pou yo sa ka pi byen komprann objektif kliyan yo, sevis ke yo itilize ak rezilta moun ki nan popilasyon refijye yo akompli.
- Siyati mwen anba dokiman an montre mwen te li tout fòm nan, mwen teg gen opòtinite pou m poze kesyon, e mwen te otorize itilizasyon yon kopi nan fòm sa a pou piblikasyon enfòmasyon ki anwo a.

\_\_\_\_\_  
Non Kliyan an

\_\_\_\_\_  
Siyati Kliyan an

\_\_\_\_\_  
Dat

**Provider Use Only:** I have explained this form and its purpose to the client and the client has refused to sign.

\_\_\_\_\_  
Provider Signature

\_\_\_\_\_  
Date